







BIPOC to the Ballot Box se yon kanpay edikasyon piblik san patipri ACLU ki nan Massachusetts ak patnè l yo fè pou sansibilize moun k ap vote yo epi kreye angajman yo nan kominote ki gen anpil moun nwa oswa kominote kote kantite moun nwa, endijèn ak moun po fonsè (BIPOC) ap ogmante. Objektif nou se pou nou bay moun k ap vote nan Brockton posibilite pou yo jwenn enfòmasyon yo bezwen pou yo pran desizyon ki baze sou enfòmasyon nan eleksyon ki gen pou fèt nan mwa Novanm nan.

Yo te poze tout kandida pou eleksyon pou meri nan Brockton menm kesyon yo e yo te gen menm posibilite pou yo reponn. Kandida ki pa t reponn yo make “okenn repons.” Pou w jwenn repons konplè kandida yo, ale sou sou aclum.org/en/bipoc-ballot-box

Si w genyen eleksyon an, èske w t ap sipòte:	 Fred Fontaine	 Robert Sullivan
ankouraje pou moun nan piblik la gen de mwayen ki garanti (an pèsòn ak a distans) pou yo patisipe nan rankont piblik nan Brockton yo ki gen pou yo respekte Lwa Anrapò ak Rankont Piblik la?	Wi	Okenn repons
lòt opsyon tankou sa ki gen nan kominote a, san zam pa enplike, lè yo rele lapolis pou apèl ki gen rapò ak sante mantal ak apèl ki pa vyolan?	Wi	Okenn repons
ogmantasyon finansman vil la resevwa pou soutni tretman yo bay pou abi nan dwòg?	Wi	Okenn repons
dezisyon pou yo vote lwa anrapò ak Enskripsyon Moun k ap Vote yo Menm Jou a nan tout eta a?	Wi	Okenn repons
dispozisyon pou ranfòse sistèm Prensip ak Fòmasyon Ajan Lapè yo (POST) pou garanti rapò ki fèt nan Komisarya Polis nan vil ou a pi fyab e gen plis detay?	Wi	Okenn repons
dakò pou yon lòt enstitisyon vin verifye bidjè komite lekòl la ki disponib pou piblik la chak ane?	Wi	Okenn repons

Tout kandida yo te gen 500 karaktè pou yo reponn kesyon ki annapre yo. Nou te koupe repons ki depase 500 karaktè yo nan vèsyon enprime a.

Pou w wè repons konplè kandida yo, ale sou aclum.org/en/bipoc-ballot-box

 <p>Fred Fontaine</p>	 <p>Robert Sullivan</p>
<p>Kisa w panse de amelyorasyon sekirite piblik nan Brockton?</p>	
<p>Mwen panse polis kominotè ansanm ak demach pou anile oswa diminye krim k ap fèt yo se yon bon metòd sekirite piblik. Polis kominotè esansyèl paske lè w vin konn kominote a, abitan yo fè w plis konfyans e yo bay lapolis enfòmasyon yo bezwen pou fè prevansyon kont krim e pou yo kenbe kominote a an sekirite. Met sou sa, piske se yon ti ponyen moun ki lakoz krim yo, nou dwe jwenn yon mwayen pou nou bloke menm moun nou sispèk k ap bay vil nou an pwoblèm yo.</p>	<p>Okenn repons.</p>
<p>Ki sa w t ap fè pou w amelyore transparans nan rankont ak pwosesis pou pran desizyon komite lekòl la?</p>	
<p>LWA anrapò ak reyinyon piblik yo dwe aplike e yo dwe ankouraje kominote a pou yo patisipe. Sou gouvènman ki la a nan moman, gen reyinyon ki fèt an kachèt epi apre yo vin di w sa yo panse w dwe konnen. Mwen t ap gen yon komite paran/kominote ki t ap nan tout reyinyon yo e ki t ap gen yon bagay pou yo di konsènan edikasyon timoun nou yo.</p>	<p>Okenn repons.</p>
<p>Kisa w t ap fè pou w ede moun ki pa gen kay pou yo rete nan Brockton yo?</p>	
<p>Batiman ki vid yo ak sa ki abandone yo ka chanje pou yo vin tounen lojman moun ka peye. Men, mwen vle al pi lwen e m ap bay moun ki bezwen lojman yo posibilite pou yo resevwa fòmasyon pwofesyonèl ansanm ak èd nan domèn sante mantal. Kèk nan moun ki pa gen kote pou yo rete yo jis bezwen yon lòt chans.</p>	<p>Okenn repons.</p>
<p>Kisa w t ap fè pou w amelyore transpò piblik nan Brockton?</p>	
<p>Antanke yon enjenyè mekanik, mwen soutni ide anrapò ak teknoloji k ap pwoteje anviwònman an. Lè nou sèvi ak bis elektrik pou lekòl ak transpò piblik sa ap koute mwen chè (yo pa pran gaz, yo pa bezwen anpil reparasyon). Alavni, sa t ap yon gwo mwayen pou vil la sove lajan pandan n ap gen posibilite pou n jwe wòl nou nan travay k ap fèt pou sove planèt la.</p>	<p>Okenn repons.</p>
<p>Kantite moun ki vote yo pa anpil nan dènye ane yo e anpil moun ki abite Brockton santi yo pa angaje gouvènman vil la. Kisa w t ap fè pou w angaje abitan yo?</p>	
<p>Moun yo pa vote paske yo pèdi espwa oswa yo pa panse yo fè yon diferans vre ak vòt yo a. Pou kèk politisyen, se egzakteman sa yo vle paske lè pa gen anpil moun ki vote, sa nan avantaj yo. Nou dwe fè l fasil pou moun vote nan nivo sa posib, raple moun yo rezon ki fè se yon dwa, yon privilèj ak yon responsabilite pou yo fè sa. Li enpòtan anpil pou yo fè moun tandè yo. Tout abitan yod we vote, men yo dwe konnen kiyès y ap vote ak rezon ki fè y ap vote moun sa a tou.</p>	<p>Okenn repons.</p>
<p>Kijan w t ap kolabore ak elèv yo, fanmi yo ak pwofesè yo pou rezoud pwoblèm sekirite nan lekòl yo?</p>	
<p>Gwo pwoblèm ki gen nan bidjè lajan an krewe yon pi gwo defi pou nou krewe yon anviwònman lekòl ki an sekirite. Premye etap pou nou krewe yon anviwònman lekòl ki an sekirite se pou nou konsantre sou ba yo yon edikasyon ki bon kalite. Lè pa gen ase pwofesè, yo elimine kou ki fondamantal yo, klas ki gen twòp elèv, sa yo se eleman ki fè gen yon angajman pami elèv yo ak paran yo manke pozitif.</p>	<p>Okenn repons.</p>
<p>Ki sa w ap fè pou w investi nan pwogram resous ak ankadreman pou sante mantal pou elèv yo epi asire w piblik la konnen yo?</p>	
<p>Sante Mantal se yon pwoblèm k ap vin pi grav chak jou. Akoz tout pwoblèm jèn moun yo ap rankontre, nou dwe panse pou nou gen etablisman pou sante mantal nan lekòl nou yo. Piblik la ap konnen etablisman sa yo. Konvèsasyon ak elèv yo ak konseye yo ap fèt prive, san mank.</p>	<p>Okenn repons.</p>

American Civil Liberties Union of Massachusetts ki finanse l. ACLU nan MA a pa ni sipòte, ni opoze ak kandida yo. Nou fè tout sa nou kapab pou nou reprezante chak kandida yon fason jis e ki rezonab dapre fason kandida yo te reponn kesyonè a. Pa gen okenn kandida oswa komite yon kandida ki gen otorizasyon nan dokiman sa yo.

